

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar: (1) desain panalungtikan; (2) lokasi jeung subjék panalungtikan; (3) téhnik ngumpulkeun data; (4) instrumén panalungtikan; jeung (5) téhnik analisis data.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh kagolong kana panalungtikan kualitatif. Moleong (dina Arikunto, 2010, kc. 22) nétélakeun yén “panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu sumber datana ngawujud dina wangun kekecapan boh lisan, boh tulisan sarta ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem maksudna”.


Métodeu panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Sugiyono (2015, kc. 3) nétélakeun yén “métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun meunangkeun data kalawan tujuan pikeun meunangkeun, mekarkeun, jeung ngabuktikeun hiji hal”. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi kasus. Nurutkeun Emzir (2011, kc. 20), “studi kasus nyaéta panalungtikan kualitatif anu tujuananan pikeun meunangkeun makna, niténan prosés, jeung meunangkeun pamahaman ngeunaan individu, kelompok atawa situasi nu tangtu”.

Studi kasus dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan pangajaran kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu kelas VII di SLB Negeri Cicendo Kota Bandung anu ngawengku rarancang pangajaran, prak-prakan pangajaran, évaluasi pangajaran, sarta pamahaman kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu.

Desain panalungtikan nyaéta guluyurna tahapan panalungtikan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan. Éta léngkah-léngkah panalungtikan téh nyaéta: (1) milih masalah, (2) ngumpulkeun data, (3) nangtukeun métodeu panalungtikan, (4) analisis data, (6) ngadéskripsikeun jeung interprétasi data, jeung (7) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih écés, léngkah-léngkah panalungtikan anu dilaksanakeun digambarkeun dina

bagan

3.1.



**Bagan 3. 1**  
**Desain Panalungtikan**

## 3.2 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

### 3.2.1 Lokasi Panalungtikan

Panalungtikan dilaksanakeun di SLB Negeri Cicendo Kota Bandung anu aya di Jl. Cicendo No. 2 Kelurahan Babakan Ciamis Kecamatan Sumur Bandung, Kota Bandung. SLB Negeri Cicendo mangrupa SLB-B atawa *sekolah luar biasa* anu dihususkeun pikeun siswa tunarungu. Aya opat jenjang sakola di SLB Negeri Cicendo nyaéta Taman Kanak-kanak Luar Biasa (TKLB), Sekolah Dasar Luar Biasa (SDLB), Sekolah Menengah Pertama Luar Biasa (SMPLB), jeung Sekolah Menengah Atas Luar Biasa (SMALB). Ieu lokasi dipilih dumasar kana kabutuhan data panalungtikan.

### 3.2.2 Subjék Panalungtikan

Subjék dina ieu panalungtikan nyaéta guru kelas VII SMPLB sakaligus anu ngajar mata pelajaran basa Sunda anu jumlahna saurang jeung sakabéh siswa kelas VII SMPLB anu jumlahna salapan urang. Anapon data ngeunaan subjék panalungtikan digambarkeun dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3. 1**  
**Subjék Panalungtikan**

No.	Wasta	Umur	Jenis Kelamin	Unsur Subjék	Padumukan
1.	Sri Wulan	55 taun	awéwé	guru	Bandung
9.	Aulia Agnia Az-zahidah	13 taun	awéwé	siswa	Bandung
5.	Ferdy Indra P.	15 taun	lalaki	siswa	Bandung
6.	Maya Dwi Mentari	12 taun	awéwé	siswa	Bandung
2.	Nabilah Nuradzany	14 taun	awéwé	siswa	Bandung
3.	Nuryanti	15 taun	awéwé	siswa	Bandung
7.	Riska Rosmalinda	15 taun	awéwé	siswa	Bandung
8.	Sindy Novianty	16 taun	awéwé	siswa	Bandung
10.	Uci Jamilah	14 taun	awéwé	siswa	Bandung
4.	Yandi Yanuari	14 taun	lalaki	siswa	Bandung

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Prosés ngumpulkeun data mangrupa tahapan anu penting dina panalungtikan. Ngumpulkeun data nyaéta prosés ngayakeun data pikeun kapentingan panalungtikan. Téhnik anu digunakeun nyaéta téhnik obsérvasi, studi dokuméntasi, jeung wawancara.

#### 1) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan prak-prakan pangajaran, kabeungharan kandaga kecap anu digunakeun dina prak-prakan pangajaran, jeung évaluasi pangajaran. Obsérvasi dilaksanakeun ka guru jeung siswa waktu lumangsungna pangajaran basa Sunda. Téhnik anu digunakeun nyaéta obsérvasi partisipasi. Nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 312) “obsérvasi partisipasi hartina panalungtik niténan sacara langsung kagiatan pangajaran”.

Obsérvasi dilaksanakeun minangka téhnik ngumpulkeun data nu utama pikeun meunangkeun kajelasan jeung kaayaan informasi anu sipatna faktual jeung bisa diténan. Anapon léngkah-léngkah obsérvasi dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a) ngalakukeun survey ka SLB Negeri Cicendo Kota Bandung;
- b) nangtukeun partisipan;
- c) ngajéntrékeun maksud jeung tujuan panalungtikan ka réspodén;
- d) ngalaksanakeun obsérvasi; jeung
- e) nyieun catetan ngeunaan kajadian anu lumangsung salila kagiatan pangajaran.

## 2) **Téhnik Studi Dokuméntasi**

Téhnik studi dokuméntasi digunakeun pikeun nganalisis RPP jeung hasil soal ulangan harian siswa. Nurutkeun Satori & Komariah (2010, kc. 149), “studi dokuméntasi nyaéta ngumpulkeun dokumén jeung data anu diperlukeun dina panalungtikan tuluy ditalaah sacara gemet pikeun ngarajong jeung nambahan bukti hasil panalungtikan”. Dokuméntasi anu diperlukeun nyaéta RPP jeung hasil ulangan harian siswa.

## 3) **Triangulasi**

Triangulasi dilaksanakeun pikeun nguji krédibilitas data. Sangkan bisa ngalaksanakeun triangulasi, digunakan téhnik wawancara pikeun nguji bebeneran data anu geus kakumpul tina hasil obsérvasi jeung studi dokuméntasi. Anapon anu jadi informan nyaéta guru basa Sunda kelas VII anu sakaligus anu jadi guru kelasna. “Dina wawancara biasana digunakeun pedoman wawancara anu eusina mangrupa gurat badag hal-hal anu baris ditanyakeun sangkan wawancara lumangsung kalawan lancar” (Arikunto, 2013, kc. 198).

### 3.1 **Instrumén Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) “instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang sarta leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis sangkan leuwih babari dikokolakeunana”.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana téhnik ngumpulkeun data anu geus dipedar saméméhna nyaéta, (1) pedoman obsérvasi, (2) pedoman studi dokuméntasi, jeung (3) pedoman wawancara.

### **1) Pedoman Obsérvasi**

Pedoman obsérvasi dina ieu panalungtikan mangrupa instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan prak-prakan pangajaran, kabeungharan kandaga kecap anu digunakeun dina prak-prakan pangajaran, jeung évaluasi pangajaran. Alat anu digunakeun ku panalungtik nyaéta kaméra jeung *handphone* pikeun ngumpulkeun data dina wangun poto, rékaman, jeung video. Anapon pedoman obsérvasi dina ieu panalungtikan bisa ditingali dina lampiran 4.

### **2) Pedoman Studi Dokuméntasi**

Pedoman studi dokuméntasi dina ieu panalungtikan mangrupa instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun nganalisis RPP jeung hasil ulangan harian siswa. Anapon pedoman studi dokuméntasi dina ieu panalungtikan bisa dititénan dina lampiran 5.

### **3) Pedoman Wawancara**

Pedoman wawancara nyaéta alat pikeun nungtun panalungtik nalika wawancara jeung narasumber, eusina ngeunaan biodata informan jeung daftar patalékan. Dina pedoman wawancara anu digunakeun, aya 27 patalékan anu diwincik jadi tilu bagéan, nyaéta: (1) tujuh patalékan ngeunaan rarancang pangajaran, (2) genep belas patalékan ngeunaan prak-prakan pangajaran, jeung (3) opat patalékan ngeunaan évaluasi pangajaran. Informan dina ieu panalungtikan nyaéta guru kelas VII anu sakaligus jadi guru basa Sunda di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung. Anapon pedoman wawancara dina ieu panalungtikan bisa ditilik tina lampiran 6.

### 3.4 Téhnik Analisis Data

Kalawan ngagunakeun téhnik-téhnik anu geus dipedar di luhur, data nu geus kakumpul dina ieu panalungtikan tuluy dianalisis. Analisis data nyaéta kagiatan pikeun ngatur, ngelompokeun, méré tanda atawa kode sangkan meunangkeun hasil dumasar kana fokus masalah. Ngaliwatan éta kagiatan data kualitatif anu loba bisa disederhanakeun sangkan gampang dina mahamanana (Gunawan, 2013, kc. 209).

Téhnik analisis data dina ieu panalungtikan nyoko kana pamadegan Miles & Huberman (dina Sugiyono, 2015, kc. 338) anu nétélakeun yén “kagiatan analisis data kualitatif dilaksanakeun sacara interaktif sarta lumangsung tuluy-tumulus nepi ka réngsé anu ngawengku *reduction*/reduksi data, *display*/penyajian data, jeung *verification*/penyajian data”.

#### 1) Réduksi Data

Data hasil obsérvasi, wawancara, jeung studi dokumentasi bakal terus nambahan, ku kituna data kudu direduksi. Anapon data direduksi ku cara ngarangcum, milih data pokok, jeung miceun data anu teu diperlukeun. Sangkan reduksi data leuwih gampang dilaksanakeun, panalungtik nyieun kode dina ieu panalungtikan anu bisa diténan dina ieu tabél di handap.

**Tabél 3. 2**  
**Reduksi Data**

No.	Kode	Keterangan
1.	Wa.GBS	wawancara ka guru bahasa Sunda
2.	OP.1	obsérvasi pangajaran bahasa Sunda ka-1
3.	OP.2	obsérvasi pangajaran bahasa Sunda ka-2
4.	OP.3	obsérvasi pangajaran bahasa Sunda ka-3
5.	OP.4	obsérvasi pangajaran bahasa Sunda ka-4
6.	OP.5	obsérvasi pangajaran bahasa Sunda ka-5
7.	Dok.1	dokumén RPP 1
8.	Dok.2	dokumén RPP 2
9.	Dok.3	dokumén RPP 3
10.	Dok.4	dokumén ulangan harian

#### 2) Pidangan Data

Sanggeus diréduksi, data tuluy dijieun pidangan dina wangun tabél dituturkeun ku déskripsi singket sangkan pidangan leuwih kaharti. Anapon data anu dipidangkeun nyaéta: (1) rarancang pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu; (2) prak-prakan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu; (3) évaluasi pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu; jeung (4) pamahaman kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu. Informasi dina pidangan dijadikeun pedoman dina nyusun kacindekan.

Di handap ieu mangrupa tabél pidangan rarancang pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu. Jumlah RPP anu dianalisis nyaéta tilu. Kolom komponén dieusian ku komponén RPP. Kolom analisis dieusian ku ceklis, kalawan angka 1 hartina luyu, jeung angka 2 hartina teu luyu. Sedengkeun kolom data dieusian ku déskripsi singket kaayaan faktual RPP.

**Tabél 3. 3**  
**Rarancang Pangajaran Kandaga Kecap Basa Sunda**

No.	Komponén Analisis Data	RPP. ka-1		RPP. ka-2		RPP. ka-3		Data
		1	2	1	2	1	2	

Di handap ieu mangrupa tabél pidangan prak-prakan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu. Jumlah pangajaran anu dianalisis nyaéta opat kali lawungan. Kolom komponén dieusian ku komponén prak-prakan pangajaran. Kolom analisis dieusian ku ceklis, kalawan angka 1 hartina dilaksanakeun, jeung angka 2 hartina teu dilaksanakeun, sedengkeun kolom data dieusian ku déskripsi singket kaayaan faktual pangajaran di kelas.

**Tabél 3. 4**  
**Prak-prakan Pangajaran Kandaga Kecap Basa Sunda**

No.	Komponén Analisis Data	Pang. ka-1		Pang. ka-2		Pang. ka-3		Pang. Ka-4		Data
		1	2	1	2	1	2	1	2	

Di handap ieu mangrupa tabél pidangan évaluasi pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu. Jumlah pangajaran anu dianalisis nyaéta lima kali lawungan. Kolom komponén dieusian ku komponén évalausi pangajaran. Kolom analisis dieusian ku ceklis, kalawan angka 1 hartina dilaksanakeun, jeung angka 2 hartina teu dilaksanakeun. Sedengkeun kolom data dieusian ku déskripsi singket kaayaan faktual pangajaran di kelas.

**Tabél 3. 5**  
**Évaluasi Pangajaran Kandaga Kecap Basa Sunda**

No.	Komponén Analisis Data	Pang. ka-1		Pang. ka-2		Pang. ka-3		Pang. ka-4		Pang. ka-5		Data
		1	2	1	2	1	2	1	2	1	2	

Di handap ieu mangrupa tabél pidangan pamahaman kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu. Jumlah kecap anu dianalisis nyaéta 30 kecap. Kolom kandaga kecap dieusian ku kekecapan anu kapanggih waktu kagiatan pangajaran. Kolom pamahaman siswa dieusian ku ceklis, kalawan angka 0 hartina teu bisa ngucapkeun jeung teu nyaho harti kecap, angka 1 hartina bisa ngucapkeun, angka 2 hartina nyaho harti kecap, jeung angka 3 hartina bisa ngucapkeun jeung nyaho harti kecap. Sedengkeun kolom subjék dieusian ku inisial para siswa anu jumlahna aya salapan urang.

**Tabél 3. 6**  
**Pamahaman Kandaga Kecap Basa Sunda**

Kandaga Kecap	Pamahaman Siswa	Subjék									
		A	F	M	N	NY	R	S	U	Y	
	1										
	2										
	3										
	4										

### 3) Verifikasi/Nyusun Kacindekan



Ku cara néangan, milah-milah, nyusun, jeung maham kana data anu geus kakumpul, panalungtik bisa meunang kacindekan awal. Éta kacindekan bisa dijadikeun kacindekan ahir sanggeus dibuktikeun ku data-data anu aya.

